

Divizyon Edikasyon timoun Debitan (Division of Early Childhood Education, DECE) kwè bon kalite rezo ak pwogram gadri pou fanmi (Family Child Care , FCC) ...

1. Respekte ak valorize diferans. Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a mete konfyans nan kreye yon kominate kote tout timoun, fanmi ak estaf santi yo byenveni nan anbrase divèsite sou plizyè fòm – tankou: ras, etni, estati sosyoekonomik, lang natifnatal, peyi orijin, sitiyasyon imigrasyon, kapasite, bezwen espesyal, reliyion, sèks, idantifikasyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon lojman, ak eksperyans ak enfòmasyon sou orijin kiltirèl. **{konfyans}**

2. kreye anviwònman pozitif ki ansekirite. Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a kreye yon anviwonman sennesòf, agreyab pou tout timoun, fanmi ak estaf. **{anviwònman favorab}**

3. fè pwogrese aprantisaj ki baze sou jwèt ak swen ki bay repons. Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a angaje timoun nan divès eksperyans aprantisaj apwopriye onivo devlopman ki baze sou jwèt, epi ki asire enstriksyon an baze sou fòs endividyièl timoun yo, enterè ak bezwen yo. **{enstriksyon ki solid}**

4. fè pwomosyon pou wòl fanmi kòm prensipal moun k ap bay swen, pwofesè, ak defansè. Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a batí relasyon avèk fanmi ak kominate pou bay bon jan opòtinite ak resous pou sipòte devlòpman timoun ak byennèt fanmi an antye. **{lyen solid ant fanmi ak kominate}**

5. travay nan kolaborasyon pou amelyorasyon kalite toutan. Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a itilize done pou amelyore rezo ak kalite pwogram nan patenarya avèk fanmi ak kominate yo. **{kolaborasyon pwofesè}**

6. demonstre lidèchip estratejik . Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a konstwi ak itilize kilti òganizasyon, estrikti, ak resous pou fè pwomosyon ak egzekite yon vizyon pataje pou kalite. **{lidèchip lekòl ki efikaz}**

1. Pwogram bon jan kalite respekte ak valorize diferans.

Ekip anseyan FCC ki afilye avèk ekip lidèchip rezo ak rezo mete konfyans nan kreye yon kominate kote tout timoun, fanmi ak estaf santi yo byenveni nan anbrase divèsite sou plizyè fòm – tankou: ras, etni, estati sosyoekonomik, lang natifnatal, peyi orijin, sitiyasyon imigrasyon, kapasite, bezwen espesyal, reliyon, sèks, idantifikasyon seksyèl, oryantasyon seksyèl, sitiyasyon lojman, ak eksperyans ak enfòmasyon sou orijin kiltirèl. {konfyans}

Ekip Lidèchip rezo...

Egzanp: direktè rezo, direktè edikasyon, direktè egzekitif, direktè komite, pwopriyetè, antrenè pedagojik, pwofesyonèl sante mantal, estaf k ap sipòte fanmi.

- 1.1** ankouraje yon klima konfyans, apatenans, ak kolaborasyon kote tout timoun, fanmi, ekip anseyan FCCak estaf santi yo byenveni ak fè pati pwogram lan.
- 1.2** bay trening ak resous pou sipòte enstriksyon ki bay repons onivo kiltirèl ak angajman fanmi epi asire anviwònman aprantisaj ki ekipli avèk materyèl aprantisaj ki varye onivo kiltirèl ak lengwistik.
- 1.3** jwe wòl modèl ak sipòte ekip anseyan FCC ak estaf nan reflete sou efè rasis estriktirèl ak rezoud patipri kache ki nan pwogram lan ak nan kominate a.
- 1.4** rekrite timoun, fanmi, founisè FFC ak estaf ki reflete idantite ak eksperyans kominate y ap sèvi yo.
- 1.5** ofri resous pwogram pou fè pwomosyon pou opòtinite ekitab ak ki tout ras ak rezulta pou tout timoun ak fanmi yo.
- 1.6** travay avèk NYCDOE, lòt ajans, ak patnè kominotè yo pou asire ke tout timoun ak tout fanmi genyen aksès nan sèvis, resous, ak sipò yo bezwen.

Ekip anseyan FFC yo...

Egzanp: founisè sou plas, asistan, lòt estaf tankou ranplasan, volontè, konsiltan ak estajè

- 1.7** favorize yon klima konfyans, apatenans, ak kolaborasyon kote tout timoun, fanmi ak lòt estaf santi yo byenveni ak fè pati anviwònman aprantisaj la
- 1.8** adopte yon enstriksyon ki baze sou kilti ak pratike angajman fanmi, epi ankouraje timoun pou aprann nan materyèl aprantisaj an divès lang ak kilti.
- 1.9** reflechi kontinyèlman ak chèche pou konprann enpak rasis estriktirèl ak patipri ki kache nan anviwònman aprantisaj la.
- 1.10** differansye estrateji ak aktivite pou satisfè bezwen endivididyèl tout timoun ki nan anviwònman aprantisaj la epi bay opòtinite pou timoun demonstre aprantisaj nan plizyè fasonl.
- 1.11** kolabore avèk ekip lidèchip pwogram pou konekte tout timoun ak fanmi ak sèvis ak resous, epi sipòte bezwen yo.

2. Bon jan kalite pwogram kreye anviwonman pozitif sennesòf.

Ekip anseyan FCC ki afilye avèk ekip lidèchip rezo ak rezo kreye yon anviwonman sennesòf, agreyab pou tout timoun, fanmi ak estaf. {**anviwònman favorab**}

Ekip Lidèchip rezo...

Egzanp: direktè rezo, direktè edikasyon, direktè egzekitif, direktè komite, pwopriyetè, antrenè pedagojik, pwofesyonèl sante mantal, estaf k ap sipòte fanmi.

- 2.1** tabli,bati, ak ranfòse atant pou entèaksyon nan respè ak relasyon ki baze sou konfyans ant timoun, fanmi, ekip anseyan FCC ak tout estaf.
- 2.2** asire ekip anseyan FCC a ak tout estaf la resevwa trening, resous ak sipò ki apwopriye pou devlope aprantisaj sosyoemosyonèl timoun ak ankouraje bon konpòtman.
- 2.3** kowòdone orè pou satisfè efektivman bezwen timoun, fanmi, ak estaf.
- 2.4** asire ke espas tout pwogram yo gen sekirite ak agreyab epi satisfè bezwen timoun, fanmi, ak estaf.
- 2.5** asire espas pwogram yo ekipe avèk avèk kantite apwopriye bon kalite materyèl.
- 2.6** asire siksè kontwole ak administrasyon sante timoun yo, sekirite, ak kondisyon edikasyon espesyal yo nan patenarya avèk fanmi yo.

Ekip anseyan FFC yo...

Egzanp: founisè sou plas, asistan, lòt estaf tankou ranplasan, volontè, konsiltan ak estajè

- 2.7** ekzèse ak bati relasyon konfyans ant timoun, fanmi, ak tout manm estaf la.
- 2.8** bati yon fondasyon pou aprantisaj sosyo-emosyonèl ak itilize estrateji apwopriye pou devlopman ak pwomosyon bon konpòtman.
- 2.9** enplemanté yon pwogram fleksib ak konsistan ki satisfè bezwen timoun yo.
- 2.10** itilize entansyonèlman chak moman nan jounen an pou sipòte abitid sennesòf.
- 2.11** aranje anviwònman aprantisaj la yon fason pou timoun yo gen opòtinite pou entèaji avèk lòt ak angaje nan aktivite endependan.
- 2.12** fè patenarya avèk fanmi ak estaf rezo pou sipòte kontwòl ak administrasyon sante, sekirite ak kondisyon edikasyon espesyal timoun.

3. Bon jan kalite pwogram fè pwogrese aprantisaj ki baze sou jwèt ak swen ki bay repons.

Ekip anseyan FCC ki afilye avèk ekip lidèchip rezo ak rezo angaje timoun nan divès eksperyans aprantisaj apwopriye onivo devlopman ki baze sou jwèt, epi ki asire swen ak enstriksyon baze sou fòs endividyèl, enterè ak bezwen timoun yo. {enstriksyon ki solid}

Ekip Lidèchip rezo...

Egzanp: direktè rezo, direktè edikasyon, direktè egzekitif, direktè komite, pwopriyetè, antrenè pedagojik, pwofesyonèl sante mantal, estaf k ap sipòte fanmi.

- 3.1** etabli, imite, ak ranfòse yon apwòch ki baze sou jwèt pou aprantisaj ak ankèt.
- 3.2** bay estaf ak ekip anseyan FFC yo trening apwopriye, resous, ak sipò kontini ki apwopriye pou enplemante kourikoulòm ki baze sou rechèch ki apwopriye pou anviwònman ki gen laj miks.
- 3.3** asire estaf rezo ak ekip anseyan FFC genyen trening, materyèl, ak tan ki apwopriye pou enplemante evalyasyon ak ak zouti evalyasyon valid ak fyab pou fè bon jan antrènman ak enstriksyon.
- 3.4** sipòte ekip anseyan FFC nan yon sik kontini koleksyon ak analiz done, tankou vrè evalyasyon, done pou bon jan pratik.
- 3.5** asire ke ekip anseyan FFC gen opòtinite konsistan ak entansyonèl pou reflechi ak planifye nan kolaborasyon.

Ekip anseyan FFC yo...

Egzanp: founisè sou plas, asistan, lòt estaf tankou ranplasan, volontè, konsiltan ak estajyè)

- 3.6** facilite aprantisaj ak rechèch ki baze sou jwèt.
- 3.7** itilize yon kourikoulòm ki baze sou rechèch ak laj apwopriye pou sipòte aprantisaj timoun nan tout domèn devlòpman.
- 3.8** agrandi kapasite panse ak komunikasyon timoun atravè entèakson entansyon.
- 3.9** enplemante yon sik kontini pou koleksyon, analiz ak itilizasyon done:
 - **kolekte done** konsènan konesans timoun, kapasite, ak enterè nan obsèvasyon ak entèakson avèk timoun ak fanmi
 - **analize done** pou konprann kòman timoun devlope ak aprann nan kontinuite, nan itilize yon sistèm evalyasyon otantik ki baze sou rechèch
 - **utilize done pou enfòme** pratik ki sipòte kwasans timoun nan yon tan kontini
- 3.10** kolabore regilyèman avèk lòt estaf ak ekip anseyan FFC ki nan rezo yo pou reflechi ak planifye pou enstriksyon.

4. Bon jan kalite pwogram fè pwomosyon pou wòl fanmi kòm premye moun k ap bay swen, premye pwofesè, ak premye defansè.

Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a bati relasyon avèk fanmi ak kominate pou bay bon jan opòtinite ak resous pou sipòte devlòpman timoun ak byennèt fanmi an antye. {lyen solid ant fanmi ak kominate}

Ekip Lidèchip rezo...

Egzanp: direktè rezo, direktè edikasyon, direktè egzekitif, direktè komite, pwopriyetè, antrenè pedagojik, pwofesyonè sante mantal, estaf k ap sipòte fanmi.

- 4.1** bay tout estaf rezo ak ekip anseyan FCC bon trening ak resous ak sipò ki gen rapò ak angajman fanmi pou bay bon jan repons onivo kiltirèl.
- 4.2** jwe wòl modèl ak sipòte komunikasyon nan de sans avèk fanmi konsènan fòs, bezwen, enterè ak objektif fanmi ak pitit yo, ansanm avèk pwogrè fanmi ak pitit yo pou akonpli objektif sa yo.
- 4.3** devlope relasyon avèk manm kominate yo ak òganizasyon ki sipòte enterè fanmi yo, bezwen yo, ak objektif yo.
- 4.4** bay fanmi opòtinite pou konekte avèk lòt fanmi nan rezo a ak nan kominate a pou yo ka aprann ak sipòte youn lòt.
- 4.5** kreye yon anviwònman ki afime ak bay fanmi kapasite kòm patnè, lidè ak defansè nan rezo a ak nan kominate a.
- 4.6** sipòte ak kowòdone sèvis pou timoun ak fanmi k ap fè tranzisyon pou ale ak soti nan diferan swen pou debit an viwònman edikasyon.

Ekip anseyan FFC yo...

Egzanp: founisè sou plas, asistan, lòt estaf tankou ranplasan, volontè, konsiltan ak estajyè)

- 4.7** angaje nan komunikasyon ki fèt nan de sans avèk fanmi konsènan fòs, bezwen, enterè ak objektif fanmi yo ak pitit yo, ansanm avèk fanmi ak pwogrè timoun pouache objektif yo.
- 4.8** envite fanmi yo pou obsève nan salklas timoun yo ak patisipe nan sa timoun yo ap aprann chak jou.
- 4.9** bay opòtinite pou fanmi konstwi kapasite pou sipòte aprantisaj ak devlòpman pitit yo.
- 4.10** konekte fanmi yo pou resous awopriye nan sipòte bezwen yo ak objektif yo ak pitit yo.
- 4.11** bay opòtinite pou fanmi ka sèvi tankou patnè, lidè ak defansè nan anviwònman aprantisaj la ak nan rezo a.
- 4.12** bay fanmi enfòmasyon ak koneksyon pou sipòte tranzisyon pou ale ak soti nan diferan anviwònman edikasyon.

5. Bon jan kalite pwogram travay nan kolaborasyon pou bon kalite amelyorasyon toutan.

Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a itilize done pou amelyore rezo ak kalite pwogram nan patenarya avèk fanmi ak kominote yo. {kolaborasyon pwofesè}

Ekip Lidèchip rezo...

Egzanp: direktè rezo, direktè edikasyon, direktè egzekitif, direktè komite, pwopriyetè, antrenè pedagojik, pwofesyonèl sante mantal, estaf k ap sipòte fanmi.

- 5.1 mande aktivman kòmantè ki soti bòkote estaf la, ekip anseyan FFC yo ak fanmi yo sou pwen fò ak domèn ki bezwen amelyrasyon nan pwogram yo.
- 5.2 imite pratik refleksyon, fikse objektif pwofesyonèl, epi angaje nan eksperyans aprantisaj avèk lòt lidè.
- 5.3 bay estaf la ak ekip anseyan FFC regilyèm kòmantè ki gen enfòmasyon, ki baze sou prèv pwen fò ak domèn ki bezwen amelyorasyon avèk pwochen etap ki aplikab.
- 5.4 idantifye oswa bay opòtinite ki diferansye pou estaf ak ofri aprantisaj pwofesyonèl ki adapte ak estaf endividyèl/objektif founisè ak objektif pwogram lan ak rezo a.
- 5.5 kolabore avèk NYCDOE, lòtr ajans, ak patnè kominote an pou amelyore kalite pwogram ak rezo a.
- 5.6 angaje nan yon sik kontini pou koleksyon, analiz, ak itilizasyon done konsènan kalite rezo, nan kolaborasyon avèk estaf, founisè, fanmi ak kominote yo:
 - **kolekte done** nan plizyè sous ak plizyè nivo (timoun, ekip anseyan, anviwònman aprantisaj, fanmi, kominote, pwogram)
 - **analyze done** pou idantifye fòs pwogram la ak rezo a ak domèn ki bezwen amelyorasyon
 - **utilize done pou planifye** objektif rezo ak fè bon kalite amelyorasyon toutan

Ekip anseyan FFC yo...

Egzanp: founisè sou plas, asistan, lòt estaf tankou ranplasan, volontè, konsiltan ak estajyè)

- 5.7 mande fanmi yo kòmantè sou pwen fò ak ak domèn ki bezwen plis amelyorasyon pwogram lan.
- 5.8 reflechi regilyèman sou pwòp fòs endividyèl yo ak domèn ki bezwen amelyorasyon pou fikse objektif pwofesyonèl yo ak amelyore pratik nan salklas.
- 5.9 idantifye ak angaje nan eksperyans aprantisaj pwofesyonèl ki adapte avèk pwòp objektif yo ak objektif pwogram la, epi chèche opòtinite pou aprann nan men lòt pwofesyonèl pwogram timoun debit yo.
- 5.10 bay ekip lidèchip pwogram lan kòmante sou pwen fò, defi ak opòtinite pou bon kalite amelyorasyon.
- 5.11 angaje aktivaman avèk estaf sipò NYCDOE, lòt ajans, ak patnè kominote an pou amelyore kalite pwogram lan
- 5.12 kolabore avèk pwogram lan ak ekip lidèchip rezo a, estaf rezo a, ekip anseyan an, fanmi ak kominote yo pou fikse objektif ak fè bon kalite amelyorasyon toutan.

6. Bon jan kalite pwogram yo demonstre lidèchip estratejik.

Ekip lidèchip rezo ak ekip anseyan FCC ki afilye avèk rezo a konstwi ak itilize kilti òganizasyon, estrikti, ak resous pou fè pwomosyon ak egzekite yon vizyon pataje pou kalite. [{lidèchip lekòl ki efikaz}](#)

Ekip Lidèchip rezo...

Egzanp: direktè rezo, direktè edikasyon, direktè egzekitif, direktè komite, pwopriyetè, antrenè pedagojik, pwofesyonèl sante mantal, estaf k ap sipòte fanmi.

- 6.1 kreye ak kominike yon vizyon konvenkan pou rezo ak kalite pwogram alontèm nan patenarya avèk estaf, ekip anseyan FCC, fanmi ak kominote.
- 6.2 rekrite, anplwaye, ak kenbe estaf ak founisè FCC ki kalifye, epi bay manm estaf yo bon jan opòtinite lidèchip.
- 6.3 bati ak kenbe yon kilti pou òganizasyon ki motive estaf rezo, ekip anseyan FCC, fanmi ak kominote pou travay pou reyalize yon vizyon pwogram ki pataje.
- 6.4 etabli ak kominike responsabilite ak wòl ki klè nan rezo a, ak nan ekip anseyan FCC a ak adopte pwoesisis ki jis ak konsistan pou responsabilite.
- 6.5 devlope ak enplemanter sistèm ki fasilité operasyon rezo ak pwogram ki efikas ak dirab.
- 6.6 itilize pratik jesyon finansye ak bidjè responsab pou adapte rezous yo ak rezo a onivo estratejik ak vizyon pwogram pataje.

Ekip anseyan FCC yo...

Egzanp: founisè sou plas, asistan, lòt estaf tankou ranplasan, volontè, konsiltan ak estajyè)

- 6.7 kolabore avèk rezo a ak ekip lidèchip pwogram la, fanmi yo, ak kominote yo pou kreye ak kominike yon Kominike vizyon pwogram ki pataje.
- 6.8 kontribye pou yon kilti nan òganizasyon an ki sipòte yon vizyon pwogram pataje.
- 6.9 bati yon kominote ki reflete ak fè avanse vizyon pwogram pataje sa a.
- 6.10 adopte, rafine, ak enplemanter sistèm ki sipòte tout aspè kalite pwogram lan.
- 6.11 idantifye ak kominike avèk antisipasyon estaf ak materyèl yo bezwen, ak itilize resous efektivman pou ranfòse anviwònman aprantisaj ki gen laj miks yo a.